# «Орайлық банк» футбол командасы Қарақалпақстан чемпионы болды

Бүгин яғный 3-ноябрь күни Футбол бойынша Қарақалпақстан XXVII-Чемпионаты «KUSHMAG» 2-лигасының 3-орын ушын ҳәм Финал ойынлары болып өттти.

Image not found or type unknown

3-орын ушын күнниң биринши ярымында Әмиўдәрья районының «Әмиўдәрья» ҳәм Нөкис районының «Ақмаңғыт» командалары майданға түсти. Қызғын беллесиўлерге бай болған ойында Нөкис районының «Ақмаңғыт» командасы 2-1 есапта жеңиске ерисип 3-орынды ийеледи.

Image not found or type unknown

Күнниң екинши ярымында финалға жетип келген Нөкис қаласы «Орайлық банк» командасы менен Төрткүл районының «Төрткүл» командалары майданға түсти. Ойын соңында Нөкис қаласы «Орайлық банк» командасы 7-0 есабындағы исенимли жеңиске ерисип футбол бойынша Қарақалпақстан XXVII-Чемпионаты «KUSHMAG» 2-лигасының чемпион болды.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңеси мәлимлеме хызмети